

ANALISIS WACANA SOSIAL MANTRANI PENGASIHAN DENING WARGA ILMU SEJATI ING PONOROGO

ADITA GALIH SETYOKO

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

ABSTRAK

Mantrani pengasihan minangka budayane manungsa sing wis ana kawit jaman leluhur tumekane saiki. Mantrani pengasihan ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo kanggo nyebarake asih mring sesama. Sanajan sajroning Ilmu Sejati ora diwulang mantrani, nanging warga Ilmu Sejati ana kang mantrani pengasihan, amarga dianggep kanthi cara mantrani pengasihan dheweke bisa gampang anggone nyebarake asih mring sesama. Nanging tetep wae anggone mantrani kanthi tujuwan kang becik tanpa ana tujuwan kang ala. Kasunyatane, masiya mantrani kanggo nyebarake rasa welas asih marang sapa wae lan kango nglawan sipat-sipate manungsa kang ala kayata drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang wong liya, nanging malah ana manungsa kang nduwensi panduga kang luput ngenani kena ngapa mantrani pengasihan. Malah dianggep nyalahi angger-anger agama amarga wis nindakake mantrani. Mula saka anane panduga kang luput iku, kudune masyarakat mangerteni dhisik kena apa dhasare lan apa tujuwane sawijining pawongan mantrani pengasihan, amrih ora ana panduga kang luput maneh.

Punjer saka panliten iki yaiku analisis wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu sejati ing Ponorogo. Kanggo nemokake wacana kritis mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, mula undere panliten yaiku, 1) kepriye wujude tumindak wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu sejati ing Ponorogo, 2) kepriye konteks sosial wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu sejati ing Ponorogo, 3) kepriye konteks historis wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, 4) kepriye kekuwasan kang tetandhingan sajroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, 5) apa ideologi kang ngrembaka saroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake warga Ilmu Sejati ing Ponorogo.

Ancas saka panliten iki yaiku kanggo ngandharake kanthi cetha ngenani mantrani pengasihan kang ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo. Anggone ngandharake wacana mantrani pengasihan kang ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo kanthi cara ngandharake karakteristik analisis wacana yaiku tumindak, konteks, histori, kekuwasan kang tetandhingan, lan ideologi kang ngrembaka saroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo. Panliten ngenani wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu sejati ing Ponorogo iki nggunakake teori Analisis Wacana Kritis anggitane Eriyanto.

Panliten iki nggunakake metode deskriptif-analisis. Andharan lan jlentrehan sajroning panliten iki mujudake gambaran-gambaran kahanan sosial kang dijukuk saka sumber dhata yaiku mantrani pengasihan dening warga Ilmu sejati. Dhata kasebut pikantuk saka nyathet lan wawancara.

Saka asile panliten iki bisa dimangerteni yen saperangan warga Ilmu sejati ing Ponorogo nindakake mantrani pengasihan adhedhasar welas asih marang sapa wae tanpa nyawang sapa wonge, masiya pawongan iku nduwensi tumindak kang ala kayata drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang dheweke. Nanging pranya, masyarakat malah nduwensi panduga kang ala marang saperangan warga Ilmu sejati ing Ponorogo nindakake mantrani pengasihan.

Pungkasane panliten iki bisa dimangerteni ideologi kang ngrembaka sarjoning warga Ilmu sejati ing Ponorogo nindakake mantrani pengasihan yaiku egaliterisme. Egaliterisme yaiku aliran filsafat kang ora mbedak-mbedakake manungsa siji lan liyane, kabeh nduwensi hak lan jejibahan kang padha. Saka ideologi kasebut bisa dimangerteni yen saperangan warga Ilmu Sejati mantrani pengasihan amarga warga Ilmu Sejati kepengin weneh welas lan asih marang wong liya tanpa mbedak-mbedakake sapa wonge lan kepriye sipate.

PURWAKA

Mantrani minangka budayane manungsa sing wis ana kawit jaman leluhur tumekane saiki. Mantrani pengasihan ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo kanggo nyebarake asih mring sesama. Lumantar mantrani pengasihan saperangan warga Ilmu Sejati bisa nyebarake asih mring sesama kanthi pilih-pilih sapa wong kang bakal diasihhi, lan lumantar mantrani pengasihan bisa ngilangake sipat-sipat kayata drentki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang wong liya.

Panliten ngenani mantra wis akeh kang nliti. Panliten kang wis ana umume ngandharake ngenani babagan struktur, jinis, wujud, lan liya-liyane, nanging durung ana panliten kang ngrembug fenomena sosial mantrani pengasihan sing ana ing masyarakat. Lumantar panliten iki panliti bakal nliti apa kang dadi tujuwane pawongan mantrani pengasihan kanthi cara ntinggi nggunakake tintingan analisis wacana kritis. Kanthi cara nggunakake analisis wacana kritis apa kang dadi tujuwane mantrani pengasihan bakal kaandharake lan kajlentrehake kanthi cetha, amarga analisis wacana kritis nduweni karekteristik kanggo nggoleki alesan-alesan apa wae sing njalari mantra kasebut digunakake. Karakteristike yaiku tindakan, konteks, historis, lan panguasan banjur sawise iku bisa didudut idheologi sing dituwuhake lan dirembakake sajroning masyarakat kang mantrani pengasihan.

Mantrani pengasihan dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo minangka sarana kanggo nyebarake welas asih marang kabeh manungsa tanpa pilih-pilih sapa wae sing diasihhi supaya urip bebrayan bisa ayem tentrem. Kasunyatane, senajan warga Ilmu Sejati sing mantrani pengasihan kanggo ngudi katentreman sajroning urip bebrayan, nanging akeh pawongan sing nduweni panduga kang ala marang warga Ilmu Sejati. Mula saka iku pangrembakane mantra saya suwe saya ilang saka masyarakat.

Kahanan ngenani mantrani kang kaya mangkono iku bisa dumadi amarga masyarakat aweh pembiji ala marang wong kang mantrani pengasihan, kamangka pawongan kasebut aweh pambuji kanthi ora nyawang kena ngapa sawijining pawongan mantrani pengasihan. Salah siji tuladhané yaiku ana pawongan kang dipitenah dening tanggane, banjur dheweke mantrani pengasihan ndonga marang Gusti supaya wong kang mitenah dheweke sadhar banjur bisa asih marang dheweke, amrih ora ana maneh pitenah sajroning masyarakat lan urip bebrayan bisa ayem tentrem tanpa ana padudon sajroning masyarakat.

Mengko ing tembe mburi, panliten iki mugya bisa weneh paedah tumrap pangrembakane welas asih ing urip bebrayan kang diwujudake kanthi cara mantrani pengasihan. Kanthi nggunakake asile panliten iki, mula bisa didudut kahanane warga Ilmu Sejati kang mantrani pengasihan ing Ponorogo. Awit mangertené dhasar lan tujuwane pawongan kang mantrani pengasihan, dikarepake wong liya ora angger anggone aweh pambiji

marang warga Ilmu Sejati ing Ponorogo kang mantrani pengasihan.

Gegayutan karo andharan kasebut, punjere panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud praktik wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (2) Kepriye wujude konteks sosial wacana mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (3) Kepriye wujud historis wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (4) Kepriye wujud panguwasan kang tetandhingan sajroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (5) Apa idheologi kang dirembakakake sajroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo.

Adhedhasar punjere panliten sing wis disebutake, mula panliten iki nduweni ancas yaiku: (1) Ngandharake lan njlentrehake wujude praktik wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (2) Ngandharake lan njlentrehake wujude konteks wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (3) Ngandharake lan njlentrehake wujude historis wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (4) Ngandharake lan njlentrehake wujude panguwasan kang tetandhingan sajroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo, (5) Ngandharake lan njlentrehake wujude idheologi kang dirembakakake tumrap wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku : (1) Asil panaliten iki dikarepake bisa menehi sumbangan kawruh ngenani tata cara panguripane wong Jawa. Kanggo warga Ilmu Sejati, dikarepake sawise ana panliten iki ora ana maneh sing weneh panduga ala marang warga Ilmu Sejati mligi kang nindakake mantrani, (2) Panaliten iki dikarepake bisa nambahi khasanah kawruhe pamaos ngenani *sistem* panguripan masyarakat Jawa. Ing pangajab, pamaca bisa ngunduh tuladha kang becik lan ngilakake prakara kang ala saka asiling panliten iki (3) Panaliten iki dikarepake bisa dari *motivasi* tumrap panaliten sabanjure mligine kang nliti babagan mantrani, amarga isih akeh praktik mantrani sing durung ditliti kena ngapa mantra kasebut bisa ana lan ngrembaka sajroning masyarakat.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Mantrani Pengasihan minangka Budaya

Mantrani minangka budayane masyarakat Jawa sing wis ana awit jaman biyen sing ditularake turuntumurun. Salah sawijine mantra kang digunakake lan diturunake iki yaiku mantra pengasihan. Mantra pengasihan digunakake jalaran bisa merbawani pamikirané wong kang dimantrani. Daya pangaribawane mantra pengasihan iki bisa diwawas saka anane prakara-prakara sosial sing bisa dirampungake kanthi cara mantrani pengasihan kayata, prakara katusnan, prakara

panggawean, prakara kulawarga, prakara ukum, prakara dagang, liya-liyane..

Koentjaraningrat (1984: 7), ngandharake yen budaya kuwi asale saka basa sansekerta yaiku *buddhayah*, yaiku saka tembung *budhi* kang nduweni teges budi lan akal, mula kabudayan bisa diarani bab kang nduweni gegayutan klawan budi lan akal. Saliyane kuwi, budaya bisa ditegesi minangka asile saka lelakon lan pikiring manungsa, lan uga seni. Mula saka kuwi, pangerten babagan seni lan kabudayan ngandharake yen budaya kuwi minangka asil saka olah cipta lan olah rasa kaya dene kepitayan, kawruh, adat-istiadat, lsp. Dadi bisa didudut yen budaya yaiku tumindake manungsa sing wis dilakoni kanthi turun-tumurun lan sing ditindakake ora mung tumindak kang becik nanging uga klebu tumindak kang ora becik. Dene mantrani pengasihan yaiku minangka tumindake manungsa kang wis diturunake kawit jaman biyen, mula mantrani pengasihan iku minangka budaya.

Mituru Hartarta (2010:43) mantra pengasihan diperang dadi rong jinis, yaiku mantra pengasihan umum lan mligi. Mantra pengasihan umum yaiku mantra pengasihan sing ditujokake marang wong akeh. Mantra pengasihan kang mligi yaiku mantra pengasihan sing ditujokake marang wong siji

Mantrani minangka Piranti sajrone Sistem Regulasi Sosial ing Masyarakat

Manungsa minangka titah Pengeraan sing nduweni kepenginan kanggo urip sesandhingan karo manungsa liyane. Kanthi nggunakake naluri, pangrasa, lan uga pikirane, manungsa bakal nindakake interaksi klawan masyarakat lan lingkungane. Masyarakat yaiku sakumpulan manungsa sing nduweni *interaksi* miturut sawijining sistem adat istiadat tartamtu sing nduweni sipat *kontinyu*, lan kaiket dening sawijining identitas (Koentjaraningrat, 1990:146).

Sajroning masyarakat mesthi nduweni tatanan kanggo ngatur sakabehing *interaksi* sing ana ing masyarakat. Supaya tatanan kang ana ing masyarakat iku bisa lumaku kanthi ora ana alangan, tatanan mau kudu nduweni sipat kang *ideal* tumrap masyarakat. Tatanan kang idealisists mau bakal dimangertenii kanthi ngrembug regulasi sosial sing ana ing masyarakat. Regulasi sosial miturut Bardach lan Bacow (1982:21) yaiku kang ngukur lan ngawasi resiko sajroning *interaksi* sosial. Kanggo mangertenii regulasi sosial sing ana ing masyarakat Jawa, sadurunge kudu mangertenii *interaksi-interaksi* sing ana ing masyarakat Jawa, lan kepriye uripe masyarakat Jawa ing saben ndinane.

Sawise ditliti kanthi tliti, bisa dimangertenii yen masyarakat Jawa anggone nggayuh katentremane urip ora mesthi kudu nglakoni urip kanthi gumathok marang tataran-tataran sosial sing wis ana ing masyarakat, nanging kudu bisa ngendhani prakara-prakara sing bisa gawe congkrah ing masyarakat. Dadi kahanan kang guyub rukun kudu bisa kawangun ing masyarakat. Swasana mau bisa kawangun yen antara wong siji lan liyane nduweni rasa asih. Amarga kanthi anane rasa asih sajroning ati bisa ngendhalekake saben tumindak sing bisa njalari lara atine liyan.

Pawongan sing kepengin uripe tentrem, dheweke kudu asih marang liyan lan semono uga pawongan sing dijak interaksi kudu asih marang dheweke. Nanging ora saben pawongan nduweni rasa asih marang kebeh manungsa. Umume manungsa mung nduweni rasa asih marang wong-wong tartamtu wae sing miturute pantes diasih. Mula kepriye carane saben pawongan sing diajak interaksi bisa asih marang dheweke lan pawongan sing ora nduweni rasa asih kudu dituwuhake rasa asihe marang dheweke. Saengga ing antarane pawongan lan pawongan sing dijak *interaksi* ana rasa asih sing bisa mangun katentremaning uripe.

Kanggo nuwuhake rasa asih marang sawijining pawongan iku dudu prakara kang gampang yen wong mau ora nduweni lelandhesan urip asih mring sesama. Cara kancigunakake uga dudu cara kancang kasar, nanging kudu kanthi cara kancang alus lan ora ngrugekake liyan. Sanajan ana pawongan kang nglarani atine awake dhewe nanging awake dhewe aja nganti males apa kancang ditindakake marang awake dhewe, nanging kudu tansah sabar lan asih marang wong mau. Banjur kepriye carane wong mau kudu bisa asih lan manut marang awake dhewe. Sawijining cara kancang ampuh kanggo nuwuhake rasa asihe liyan yaiku kanthi cara mantrani pengasihan. Saengga wong sing sadurunge ora seneng utawa pegel marang dhewe bisa malih asih marang dheweke. Pawongan sing bisa nuwuhake asihe marang saben pawongan sing dijak *interaksi* klawan dheweke, bisa dipestekake pawongan mau ora bakal nemu perkara kancang gawe congkrahe sesambungane karo wong kancang sesrawungan klawan dheweke. Samubarang kekarepane sajroning masyarakat bakal kasembadan tanpa anane pepalang saka wong liya, amarga kabeh asih klawan dheweke. Saka andharan kasebut bisa didudut yen mantra pengasihan minangka kendhalini utawa regulasi sosial sajroning masyarakat

Mantrani Pengasihan minangka Wacana Sosial

Kahanan jaman sing saya maju kaya saiki, sing dibarengi pangrembakane teknologi, informasi, lan komunikasi, wis njalari anane owah-owahan ing sajroning panguripane manungsa. Salah sijine ngalami owah-owahan yaiku kabudayan. Pamawas iki bisa didudut kanthi saka akehe budaya tradisional sing wis saya ilang saka panguripane manungsa ing jaman saiki. Budaya sing dimaksud kayata, mantrani pengasihan kanggo nuwuhake welas asihe liyan. Kanggo nguri-uri wae wis akeh pawongan sing ora gelem, amarga pengasihan dianggep tumindak kang ora bener lan ora bisa tinemu nalar. Pamawas sing kaya mangkono iku bisa dimangertenii amarga akeh pawongan sing aweh pambiji ala marang wong kancang mantrani tanpa nyawang apa kancang dadi dhasar lan tujuwane dheweke mantrani.

Pranyata ing jaman saiki akeh penghayat-penghayat kapercayan sing padha weneh pititur marang para muride kanggo nglakoni lan nyebokane asih mring sesama. Supaya urip ing alam ndonya iki bisa tentrem. Ananging kasunyatane ing urip saben dinane arang ditemoni pawongan sing nduweni *prinsip* urip kang asih mring sesama. Pamawas sing kaya mangkono iku bisa dimangertenii kanthi akehe pawongan sing nduweni sinat

sipat ala kayata drengki, srei, iren, meren, dahwen, panasten, kumingsun, jail, mutakil, basiwit, pitenah, lan nganiaya. Kamangka kanggo nggayuh urip kang tentrem, manungsa kudu gelem ngedohi sipat-sipat sing kaya mangkono iku mau.

Supaya ora nduweni sipat drengki, srei, iren, meren, dahwen, panasten, kumingsun, jail, mutakil, basiwit, pitenah, lan nganiaya, sawijining pawongan kudu nduweni sipat welas asih mring sesama. Kanthi anane rasa asih sajroning ati, sawijining pawongan uripe mung kepingin andum asih marang liyan, tanpa nduweni pangarep-arep marang liyan. Pawongan sing kaya mangkono iku, masiya dilarani liyan, dheweke tetep asih marang liyan tanpa kepenginan kanggo drengki, srei, iren, meren, dahwen, panasten, kumingsun, jail, mutakil, basiwit, pitenah, lan nganiaya marang sesama.

Kanggo mujudake rasa welas asih, saben pawongan mesthi nduweni cara kang beda-beda. Salah sijine cara kango mujudake welas asih yaiku kanthi cara mantrani pengasihan. Mantra pengasihan yaiku mantra sing nduweni paedah kanggo ngraketake sesrawungan, nambahi daya kawibawan, lan nambahi *empati* saengga bisa narik *simpati* wong liya (Hartata, 2010:46). Dadi yen ana pawongan sing nduweni sesambungan sing ora apik klawan wong liya, dheweke bisa nggunakake mantra pengasihan kanggo ngraketake utawa ngapiki sesambungan klawan wong liya sing dimaksud. Saengga sesambungan ing antarane sawijining pawongan klawan pawongan sing dimaksud ora bakal ana congkrah sing bisa nggawe uripe ora tentrem

Analisis Wacana Kritis (AWK)

Analisis wacana kritis ngandharake yen wacana mono ora mung minangka *studi* basa, sanajan analisis wacana nggunakake basa sajroning *teks* kang ditintinggi (Eriyanto, 2006:7). Miturute Dharma (2009:49), analisis wacana kritis (AWK) yaiku sawijining upaya utawa proses (*penguraian*) kanggo menehi jlentrehan tumrap sawijining teks (*realitas sosial*) sing arepe utawa lagi kaanalisis tumrap pawongan utawa kelompok dominan sing nduweni *kecenderungan* utawa tujuwan tartamtu kanggo mikolehi apa sing dikepenginake. Analisi wacana kritis ora nengenake marang bener utawa salah struktur tata basane, nanging nengenake marang *konstelasi* kekuwatan sing dumadi sajroning proses *produksi* lan *reproduksi* makna. Sawijining pawongan ora bisa dianggep minangka subjek kang netral sing bisa napsirake kanthi bebas manut pikiran, amarga ana gayutane lan oleh daya pangaribawa saka kekuwatan sosial sing ana ing masyarakat. Basa sajroning analisis wacana kritis, ditintinggi beda karo *studi* basa sajroning linguistik. Basa kang ditintinggi ora mung nggambarkerake *aspek* basane, ananging uga nggathukake klawan *konteks*. *Konteks* ing kene nuduhake basa iku digunakake kanggo tujuwan lan praktik tartamtu (Eriyanto, 2006:6-7)

Kudu dimangertenai yen jinising analisis wacana iku ora mung analisis wacana kritis wae nanging isih ana jinis sing liyane. Jinis tintingan analisis wacana antarane yaiku 1) *Positivisme-empiris* yaiku analisis wacana dimaksudake kanggo nggambarkerake tata aturan ukara, basa, lan teges umum. Banjur wacana kaukur kanthi

pertimbangan bener lan salahe miturut sintaksis lan semantik. 2) Konstruktivisme yaiku tintingan sing nolak tintingan *positivisme-empiris* sing misahake subjek klawan objek basa. Analisis wacana dimaksudake minangka sawijining analisis kanggo mbongkar maksud lan makna tartamtu. Wacana sajroning tintingan iki minangka sawijining upaya kanggo ngungkapake maksud sing disidhemake dening subjek.. Dene analisis wacana kritis klebu ing tintingan sing nomer 3) yaiku paradigma kritis. Pandhangan iki kepengin ngoreksi pandhangan konstruktivisme sing kurang sensitif marang proses produksi lan reproduksi makna sing kedadeyan kanthi historis lan uga institusional Analisi wacana kritis ora nengenake marang bener utawa salah struktur tata basane utawa proses penafsiran kaya ing analisis *konstruktivisme*. (Eriyanto, 2009:4-6).

Fairclough lan Wodak (sajroning van Dijk, 1997:258) ngandharake yen analisis wacana kritis nyawang wacana minangka wujud praktik sosial. Wacana minangka praktik sosial kang nyebabake sawijining gandheng cenenge *dialektis* ing antarane prastawa *diskursif* tartamtu sajrone kahanan, *institusi*, lan *struktur* sosial kang mbangun. Praktik wacana bisa nuwuhake gandheng ceneng ing antarane panguwasan sing ora imbang *kelas* sosial, wong lanang lan wadon, kelompok *majoritas* lan *minoritas*. Analisis wacana kritis nyawang basa minangka bab kang wigati, nduweni guna kanggo mangerteni ora imbang panguwasan sajroning masyarakat. Dadi bisa dimangertenai yen analisis wacana kritis nuduhake kelompok-kelompok sosial sing ana padha tetandhing kanggo menehake asil saka pamikire.

Karakteristik Analisis Wacana Kritis (AWK)

Adhedhasar watesan lan teges analisis wacana ing ndhuwur, Eriyanto (2006:8) nyimpulake andharane Teun A. van Dijk, Fairclough, lan Wodak minangka karakteristik kang penting saka analisis wacana. Karakteristike yaiku kaya kaya mangkene.

1. Wacana minangka Praktik Sosial

Sajroning analisis wacana kritis negesi yen wacana minangka praktik sosial. Pawongan sing lagi ngomong utawa nulis iku ora dikarepake yen dheweke ngomong utawa nulis kanggo awake dhewe nanging dheweke ngomong utawa nulis iku kanggo srawung klawan masyarakat. Saka pamikiran kang kaya mangkono iku nuduhake yen wacana iku wujud saka sesrawungan manungsa.

Pawongan kang ngomong, nulis, lan nggunakake basa kanggo srawung klawan wong liya. Kanthi pamikiran mau bisa dimangertenai kaya ngapa wacana ditegesi. Kapisan, wacana ditegesi minangka babagan kang nduweni tujuwan, ngrayu, nyanggah, nanggapi, lan liya-liyane. Pawongan kang ngomong utawa nulis iku mesthi nduweni maksud tartamtu. Kapindho Wacana dipahami minangka babagan kang dituwuhake kanthi sadhar, tuladhane pawongan sing ngomong utawa nulis nalika dheweke nglindur iku ora bisa dilebokake ing wacana iki.

2. Konteks sosial wacana

Wacana disawang minangka bab kang dituwuhake, dimangertenai, lan dianalisis ing sawijining konteks tartamtu. Analisis wacana nimbang konteks saka

wacana, kayata latar, kahanan, lan prastawa. Basa dimangerteni minangka mekanisme sing ana sajroning linguistik wae, nanging basa kudu dipahami saka sakabehane konteks sing ana. Cook (1994:1) ngandharake 3 bab sing ana sajroning wacana, yaiku *teks*, *konteks*, lan *wacana*. Teks yaiku sakabehane wujud basa, ora mung ukara kang ditulis wae, ananging sakabehing wujud *komunikasi*, omongan, tulisan, lelagon, gambar, lan liya-liyane. Konteks yaiku kahanan lan babagan sing ana ing sanjabane *teks* kang weneh daya pangaribawa panganggone basa, *partisipasi* sajroning basa, kahanan ing ngendi teks mau dituwuhake, paedah sing dikarepake, lan liya-liyane. Mula saka iku, bisa dimangerteni yen wacana yaiku *teks* lan *konteks* sing lumaku bebarengan.

Saka pamawas mau, analisis wacana kritis nggambarake *teks* lan *konteks* kanthi cara bebarengan sajroning *komunikasi* ing masyarakat. Analisis wacana kritis ora mung mbutuhake *proses kognisi* ing teges kang lumrah, nanging nggambarake kanthi titi saka budaya sing digawa. Studi ngenani basa nglebokake *konteks*, amarga basa mesthi ana sajroning *konteks*.

Wacana ora bisa tuwuh ing papan, wayah, lan kahanan apa wae, nanging wacana bisa tuwuh ing papan, wayah, lan kahanan sing mligi. Analisis wacana kritis njlentrehake *teks* lan pacelathon ing kahanan kang tartamtu, lan wacana kang ana sajroning kahanan sosial tartamtu. Ora sakabehane *konteks* bisa dilebokake sajroning analisis, mung *konteks* kang cocog lan ing pirang-pirang babagan nduweni daya pangaribawa marang *produksi* lan anggone napsir *teks* sing dilebokake sajroning analisis. Ana pirang-pirang *konteks* kang wigati amarga nduweni daya pangaribawa marang *produksi* wacana. Kapisan, *partisipan* wacana, latar sapa kang nuwuuhake wacana. Jinis kelamin, umur, pendhidhikan, kelas sosial, etnis, agama, lan ing pirang-pirang babagan kang cocog sajroning nggambarake wacana. Tuladhane, pawongan kang ngomong sajroning babagan tartamtu amarga dheweke lanang, utawa amarga dheweke nduweni pendhidhikan tartamtu. Kaping pindho, kahanan sosial tartamtu kaya ta papan, wayah, posisi pawongan kang ngomong utawa lingkungan fisik yaiku *konteks* sing nduweni guna kango mangerten sawijing wacana. Tuladhane pacelathon ing sekolahane beda karo wong ing pasar, pacelathone wong ing kantor beda karo pacelathone wong ing warung. *Setting*, kaya ta papan kang mligi utawa umum, sajroning kahanan *formal* utawa *informal*, utawa ing papan tartamtu nduweni wacana kang uga tartamtu. Ngomong ing pengadilan beda karo ngomong ing terminal, utawa ngomong ing cakruk beda karo ngomong ing bangku pawiyatan, amarga kahanan sosial lan angger-anggere beda, ndadekake pawongan sing omong kudu ngepasake awak klawan *konteks* sing ana. Mula saka iku, wacana kudu dimangerteni saka kahanan lan lingkungan sosial sing ana.

3. Konteks Historis Wacana

Wacana sajroning *konteks* sosial tartamtu yaiku wacana sing digawe sajroning *konteks* tartamtu lan ora bisa dimangerteni tanpa nyawang *konteks* sing ndadekake. Salah sawijining perangan kang wigati kanggo mangerten *teks* yaiku kanthi cara nyawang wacana iku sajroning *konteks historis* tartamtu.

Tuladhane, nalika nindakake analisis wacana kritis *teks* ngenani tulisan kang nulis anggone ora seneng marang Soeharto. Pamikiran ngenani wacana teks iku mung bisa dimangerteni yen bisa weneh *konteks historis* ing ngendi teks iku diripta lan kaya ngapa kahanan sosial politik nalika iku. Mula saka iku, nalika nindakake analisis kudu mangerteni sejarahe kango mangerten kena ngapa wacana sing ngrembaka bisa kaya mangkono.

4. Panguwasan kang Tetandhingan sajroning Wacana

Panguwasan nduweni daya pangaribawa kang gedhe sajroning analisis wacana kritis. Wacana kang tuwuh, awujud *teks*, pacelathon, utawa apa wae, ora bisa disawang minangka babagan sing tuwuh kanthi cara alami, wajar, lan netral ananging minangka wujud saka panguwasan kang tetandhingan. Konsep panguwasan yaiku babagan kang nggayutake wacana klawan masyarakat. Kaya dene panguwasane priya sajroning wacana *seksisme*, panguwasane *ras* kulit putih marang *ras* kulit ireng ngenani wacana *rasisme*, panguwasane juragan marang babu, lan liya-liyane. Panganggone basa ora mung kanggo wong sing ngomong, nulis, ngrungokake, utawa sing maca, nanging uga perangane saka kelompok sosial tartamtu, kelompok *profesional*, agama, lan masyarakat tartamtu. Gegayutan kang dumadi kadhang kala dudu A lan B, ananging bisa lanang lan wadon, *ras* kulit putih lan *ras* kulir ireng, majikan lan buruh, enom lan tuwa. Babagan mau nuduhake yen analisis wacana kritis ora weneh wates marang *detil teks* utawa struktur wacana wae ananging uga nggayutake klawan sepira kuwe kahanan sosial, budhaya, politik, lan ekonomi tartamtu.

Pachelathone buruh karo majikane iku dudu pacelathon kang alami, ananging anane *dominasi* panguwasan majikan klawan buruhe. Aspek wacana iku kudu dikritisi amrih bisa mangerten kena ngapa wacana iku bisa tuwuh. Tuladhane pachelathone majikan lan buruh, apa kang diomongake buruh mau mung kanggo nyenengake atine majikane. Omongane buruh mau sopan amrih ora nytinggung atine majikan, nanging babagan kang kaya mangkono iku ora ditindakake dening majikan marang buruhe.

Pandhapuke panguwasan sajroning wacana iku wigati amarga kanggo mangerten babagan apa kang ngendhaleni wacana iku mau. Pawongan utawa kelompok ngendhaleni pawongan utawa kelompok liya lumantar sawijining wacana. Kendali ing kene ora kudu awujud fisik utawa langsung ananging uga kendali kanthi cara *mental* lan *psikis*. Kelompok *dominan* nggawe kelompok liya nindhakake apa sing dikarepake kelompok *dominan*. Miturut van Dijk kahanan kaya mangkono iku bisa dumadi amarga kelompok *dominan* luwih nduweni *akses* yen dibandhingake kelompok liya. *Akses* sing dimaksud yaiku bisa akses sesuruan, dhuwik, lan pendhidhikan.

5. Wacana minangka Praktik Idheologi

Idheologi nduweni daya pangaribawa kang gedhe sajroning analisis wacana kritis amarga teks, praktik sosial, pacelathon, lan liyane minangka wujud saka praktik idheologi. Teori ngenani idheologi antarane njlentrehake yen idheologi dituwuhake dening kelompok kang *dominan* kanthi tujuwan nuwuuhake lan nguwatake *dominasine*. Salah siji carane yaiku ngajawa zengenepan

marang masyarakat yen *dominasine* iku ditampa kanthi sadhar. Wacana sing kaya mangkono iku nggambarkerake saka ngendi kelompok dominan ngrayu lan nuduhake marang masyarakat ngenani *produksi* panguwasan lan *dominasi* sing diduweni, saengga katon sah lan bener. Idheologine kelompok *dominan* bisa kasil yen dilandhesake klawan kasunyatan lan kelompok kang *didominasi* nganggep babagan iku mau bener lan wajar. Prastawa kaya mangkono iku bisa diarani minangka "kesadharan palsu". Kaya ngapa kelompok *dominasi manipulasi* idheologi marang kelompok kang ora *dominan* lumantar kampanye *disinformasi* (kaya ta, agama tartamtu kang njalari ontran-ontran, suku tartamtu sing mesthi nduweni tumindak ala), lumantar *kontrol media* lan liyane.

Wacana nduweni paedah kanggo nyebareke idheologi. Idheologi sing dikarepake kanggo ngatur tumindak lan praktik *individu* utawa kelompok liya supaya tumindak sajroning kahanan sing padha, bisa nggayutake perkarane, lan bisa weneh sumbang sih awujud solidaritas lan kohesi sajroning kelompok.

Saka gambaran ing ndhuwur, idheologi nduweni paedah kang wigati. Idheologi kanthi cara *inheren* nduweni sipat sosial, ora mligi marang wong siji, lan idheologi uga kudu disebarake ing antarane anggota kelompok, *organisasi*, utawa *kolektivitas* klawan wong liya. Babagan kang disebarake iku kanggone kelompok digunakake kanggo nuwuake *solidaritas* lan nduweni pamikiran kang padha sajroning praktik sosial. Saka pamawas mau, wacana ora bisa dimangertenin minangka babagan kang lumaku kanthi cara alami, amarga ing saben wacana mesthi ngandhut idheologi kanggo *ndominasi*. Mula saka iku, analisis wacana kritis ora bisa nintingi basa kanthi cara ketutup, ananging kudu nyawang *konteks* mligine kepriye idheologi saka kelompok kang ana melu nuwuake wacana. Dadi bisa didut yen ing sawijining wacana bisa dianalisis lan dimangertenin idheologine pawongan utawa kelompok tartamtu.

METODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki kagolong panliten *budaya* asipat *deskriptif analitis* sing adhedhasar kasunyatan kanthi nggunakake basa kanggo mangsuli prakara sing ditliti. Miturut Ratna (2010:336), deskriptif analitis yaiku metodhe kanthi cara ngudhal lan nganalisis kanthi nggunakake cara kekarone bebarengan saengga dikarepake objek diwenehi makna kanthi maksimal.). Djajasudarma (1993:8) ngandharake yen metodhe panliten *deskriptif* mujudake metodhe kanggo menehi gambarab kanthi *sistematis*, *faktual*, lan *akurat* ngenani dhata, sipat-sipat, lan gayutan antarane *fenomena-fenomena* sing bakal ditliti. Mahsun (2005:233) uga ngandharake menawa panliten *kualitatif* nduweni tujuwan mangertenin *fenomena sosial* sing lagi ditliti

Sumber Data lan Data ing Panliten

Dhata yaiku bahan kang dioncek i sajroning panliten. Dhata-dhata bisa dikasilake kanthi wawan

rembug lan ngamati. Dhata kang ana ing panliten iki arupa lesan awujud *informasi* saka *informan* ngenani tindak tanduke saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo lan apa wae sing njalari anane budaya mantrani pengasihan ing Ponorogo, uga apa sejatinne idheologi sing digunakake lan dirembakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo

Sumber dhata yaiku mujudake sawenehing pawongan utawa babagan sing mujudake punjering panliti bisa ngolehake dhata sajrone panliten kanthi kegiyan mangsuli pitakonan sing ditakokake dening panliti utawa sinebut *responden*, sing bisa arupa tulisan utawa pocapan. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku warga Ilmu Sejati.

Teknik Panliten

Metodhe panliten iku gegayutan karo *teknik* panliten. Metodhe panliten nuduhake tata cara sing bakal dilakoni sajrone panliten, dene *teknik* panliten nuduhake patrabe metodhe sajroning panliten. Metodhe lan *teknik* panliten dianggep langkah sing paling *strategis* sajroning panliten amarga tujuwan utama saka panliten yaiku antuk dhata. Tanpa meruhi metodhe lan *teknik* panliten, mula panliti ora bisa antuk dhata sing njangkepi *standar* dhata sing katetepake. Metodhe lan *teknik* panliten kaperang dadi limang jinis, yaiku *angket*, *observasi*, *wawancara*, *dokumentasi*, lan *gabungan* utawa *triangulasi*.

Panliten iki nggunakake metodhe *dokumentasi* kanthi ngumpulake dhata-dhata sing diperlokake banjur digoleki dudutane kanthi nemokake apa sejatinne sing dikarepake dening pawongan sing mantrani pengasihan, sing dilakoni kanthi *objektif* lan *sistematis*. Sabanjure metodhe mau ditindakake sajroning panliten kanthi teknik *dokumentasi*. Panliti ngumpulake dhata-dhata sing diperlokake banjur dianalisis kepriye sejatinne sing dikarepake dening pawongan sing mantrani pengasihan.

Panliten iki nggunakake telung cara panliten, yaiku (1) carane ngumpulake dhata, (2) carane ngolah dhata, lan (3) carane nulis asile panliten. Kepriye caracara sing dilakoni panliti bakal dijentrehake ing ngisor iki.

Tata Cara Pangumpuling Data

Tata cara nglumpukake dhata panliten iki diperang dadi papat, yaiku (1) observasi, (2) milih topik, (3) studi pustaka, (4) wawancara.

(1) Observasi

Babagan observasi kuwi kudu ana sajroning panliten lapangan. Observasi digayutake kanthi upaya nintingi prakara, lan digayutake kasunyatan ing lapangan (Maryaeni, 2005: 68). Mula saka kuwi banget wigatine yen observasi kuwi ditindakake nalika panliten ing lapangan. *Observasi* nuduhake sawijine cara ngumpulake dhata panliten sing nduweni titikan sing mligi tinimbang cara liyane. Hadi (sajroning Sugiyono, 2008:145) ngandharake yen *observasi* mono sawijine proses sing *kompleks*, sawijine proses sing rinonce saka maneka proses *biologis* lan *psikologis*.

Observasi yaiku bagian sing banget wigatine sajrone panliten kualitatif. Observasi ora winates tumrap pawongan nanging uga objek alam liyane (Basrowi lan Suwandi, 2008:94). Teknik pangumpule dhata kanthi

observasi digunakake yen panliten ngenani tumindake manungsa, proses kerja lan gejala alam.

Cara utawa metodhe kasebut umume dititiki kanthi njlimeti ngenani apa sing satemene dilakoni dening individu lan nyathet kanthi subjektif ngenani apa sing dijlimeti.

(2) Milih Topik

Sawise nindakake *observasi* tumrap mantrani pengasihan dening warga Ilmu Sejati, panliti nemtokake topik sing narik kawigaten kanggo ditliti yaiku *wacana sosial mantrani pengasihan ing Ponorogo*. Saka topik sing wus dipilih kasebut, panliti banjur nggolek *teori panyengkuyung* tumrap topik sing wus tinemtokake. Sabanjure topik kasebut bakal diudhar nganggo kajian analisis wacana kritis.

(3) Studi Pustaka

Studi pustaka yaiku pangumpule dhata-dhata sing dijupuk saka pustaka sarta dokumen liya (Moleong, 2006:24). *Studi* pustaka tumrap panliten iki dilakoni kanthi ngumpulake dhata-dhata saka sumber kapustakan sadurunge lan sawise panliten ditindakake. Panliti ngupaya kanthi ngertenih dhata-dhata panyengkuyung sing gegayutan karo *objek* panliten sing dijupuk.

Wiwit, panliti duwe greget tumrap kahanane Ponorogo minangka kutha kang *heterogen* kang nduweni masyarakat kang maneka warna agama, ras, lan kapercayan. Alasan panliti nliti *budaya* iki wus kababarake ing perangan lelandhese panliten..

(4) Wawancara

Observasi, wawancara, diskusi kelompok, lan teknik-teknik liyane nduweni gegayutan. Wawancara yaiku pacelathon kanthi maksud tartamtu dening rong pihak yaiku pewawancara (*interviewer*) minangka sing menehi pitakonan lan sing diwawancarai (*interviewee*) minangka sing menehi wangslulan ngenani pitakonan kasebut (Basrowi lan Suwandi, 2008:127).

Wawancara minangka mekanisme komunikasi umume wawancara dilakoni sawise observasi. Senajan mangkono, sajrone proses ing lapangan teknik kekarone ditindakake kanthi kahanan sing padha njangkepi. Sajroning wawancara kudu nglakoni observasi marang informan lan responden, sing bener mangertenih ngenani dhata kang ditliti (Ratna, 2011:223).

Tata Cara Panulisan Asiling Panliten

Tata cara panulisan asiling panliten mujudake carane panliti kanggo nyuguhake asiling panliten arupa analisis sosial sing mujudake laporan tulis. Data-data ngenani wacana sosial mantrani pengasihan diandharake lumantar analisis wacana kritis lan limang karaktere yaiku praktik sosial, konteks sosial, histori, panguwasan, lan ideologi.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Ngandharake wacana sosial mantrani pengasihan dening warga ilmu sejati ing ponorogo nggunakake limang karaktere analisis wacana kritis yaiku praktik sosial, konteks sosial, histori, panguwasan, lan ideologi.

1. Praktik Wacana Sosial Mantrani Pengasihan

Wujud praktik mantrani pengasihan yaiku ngucapake donga pengasihan. Mantrani pengasihan wis dadi

sawijining budaya kang ana lan ngrembaka ing sawijining warga Ilmu Sejati. Tumindak mantrani pengasihan ing kene ateges mujudake sawijining panuwun marang Gusti supaya bisa ngowahi kahanan kang dirasa ora apik bisa dadi luwih apik tanpa nglarani atine liyan. Kanthi nindakake mantrani marang pawongan kang dimaksud iki bisa ndadekake sarta nuwuahake rasa welas asih marang pawongan kang nduweni maksud utawa panduga ala marang pawongan kang nindakake mantra pengasihan iki. Saka nindakake mantrani iki bisa ndadekake kahanan masyarakat dadi tentrem jalaran ing masyarakat sakiwa tengene pawongan kang wis nindakake mantra pengasihan iki wis nduweni rasa welas asih marang siji lan sijine.

Tumindak mantrani pengasihan kang ana ing madyaning masyarakat ora winates digunakake dening warga Ilmu Sejati, nanging akeh pawongan kang ana ing sanjabane warga Ilmu Sejati iki uga nindakake mantra kasebut. Bedane yen mantra pengasihan kang dirapal utawa diwaca dening warga Ilmu Sejati nduweni pangajab amrih bisa memayu hayuning bawana dene mantra pengasihan kang dirapal dening pawongan kang ana sanjabane Ilmu Sejati biyasane nduwe ancas kang kurang becik. Anggone mantrani iki babar pisan ora ana ancas kang ana gayutane klawan perangan kadonyan. Kabeh kang dijaluk marang Gusti kanthi sarana mantrani iki nduweni ancas siji yaiku bisa memayu hayuning bawana lan bisa nuwuahake rasa welas lan asih marang para warga kang ana ing madyaning masyarakat.

Kahanan masyarakat kang wis kadunumungan rasa welas asih iki mesthi wae bakal bisa ndadekake kahanan sarwa tentrem. Jalaran antarane warga siji lan sijine padha-padha bisa mangertenih surasa atine liyan. Masyarakat kang kaya mangkene menawa mangertenih ana sawijining warga liya kang lagi nandang kasusahan mesthi bakal gumregah sarta ngupayakake amrih pawongan kang lagi nandang kasusahan kasebut enggal bisa ngrampungake perkara kang lagi dirasakake, lan nalika aweh pambiyantu iku mau kanthi dhasar rasa ikhlas tanpa ngarepake anane bebana marang tumindake kasebut. Saliyane iku warga kang wis nduweni welas asih ora bakal gampang kebrongot nesune saengga menawa ana pawongan kang mitenah dheweke ora gampang nesu lan males pawongan kang mitnah, sawalike pawongan mau bakal welas marang pamwongan kasebut lan mbudidaya kepriye amrih pawongan kang wis tumindakala kasebut bisa enggal sadhar marang tumindake.

2. Konteks ing Wacana Sosial Mantrani Pengasihan

Mantrani pengasihan wis dadi kabudayan kang ana ing masyarakat Ilmu Sejati ing Ponorogo. Mantrani pengasihan kang ditindakake dening masyarakat Ilmu Sejati ing Ponorogo nduweni pangajab supaya bisa memayu hayuning bawana, nanging akeh pawongan lan masyarakat kang duweni pamawas kang luput marang wong kang nindakake mantrani pengasihan.

Sasuwene iki mantrani pengasihan dianggep sawijining tumindak kang nylenthong saka angger-angger agama, amarga wong kang mantrani pengasihan umume nduweni pangajab kang asipat meksa supaya wong liya bisa welas asih marang dheweke lan bisa manut karo apa kango dadi kekarepane masiva kakarepane iku nyulabi

anger-anger kang ana ing satengahing masyarakat lan agama.

Pamawas kang kaya mangkono cetha lput, amarga ora kabeh pawongan kang mantrani pengasihan iku adhedhasar nepsu supaya pawongan kang dimantrani bisa manut marang apa wae kang dadi kekarepane masiya kekarepan kang diduweni dening pawongan kang mantrani mau nerak anger-anger sing ana ing masyarakat lan agama, tuladhane, warga Ilmu sejati mantrani pengasihan marang wong liya ora winates supaya wong dimantrani bisa manut marang apa kang dadi kekarepane, nanging pawongan kang dimatran iku kasebut uga nduweni dhasar supaya bisa memayu hayuning bawana, nglurusake prakara kang kliru kang bisa dadi ontran-ontran ing urip saben dinane.

Saka andharan kang ana iku mau bisa di dudut apa kang dadi pembeda antarane mantra pengasihan kang digunakake dening warga Ilmu Sejati lan mantra pengashan kang digunakake dening pawongan kang ana ing sanjabane Ilmu Sejati. Yen warga kang ana ing Ilmu Sejati iku anggene nindakake mantra pengasihan iki tanpa ana nepsu kadonyan sithik-sithika lan ancas saka anggene nindakake mantrani iki amrih bisa memayu hayuning bawana sarta bisa ndadekake pawongan kang ana ing sakiwa tengene tuwu rasa welas asih marang sapada. Dene pawongan kang ana ing sanjabane ilmu sejati padatane anggone nindakake mantra pengasihan kasebut kanggo nglumantari pepenginane kang asipat kadonyan. Saengga pawongan kang kena mantrane kasebut bisa gelem nurut sekabehane kang dikarepake dening pawongan kang mantrani kasebut. Masiya kaya mangkono ora kabeh pawongan kang ana ing sanjabane Ilmu Sejati ngrapal mantra pengasihan kanthi ancas kaya mangkono.

3. Historis ing Wacana Sosial Mantrani Pengasihan

Historis wacana sosial mantrani pengasihan dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo yaiku saka piwulang Guru Ilmu Sejati marang para muride supaya tansah nindakake welas asih marang kabeh pawongan ing ndonya iki. Masiya wong liya tumindak ala marang para warga Ilmu Sejati nanging para warga Ilmu Sejati ora dikeparengake weneh piwales kang ala kaya kang ditindakake wong liya marang dheweke. Cara kaya ditindakake dening sawijining murid Ilmu Sejati ing Ponorogo kango nyebar welas asih yaiku kanthi mantrani pengasihan.

Saka kene bisa diweruhi kepriye mula bukane anane mantra pengasihan kang diwulangake marang warga Ilmu Sejati. Ing kene uga bisa diweruhi apa sejatine kang diarani dening rasa welas asih. Rasa welas asih iku rasa welas sarta asih kang tuwu ing atine manungsa lan ras iki kang uga bisa nguwongne wong liya. Saengga menawa ana pawongan kang nduweni tumindak ala marang awake dhewe, awak dhewe ora ganti males kanthi tumindak kang ala marang pawongan kasebut. Lan apa kaya ditindakake iku kanthi nenuwun marang Gusti amrih pawongan kasebut bisa sadhar marang tumindak lan cara kaya ditindakake yaiku kanthi nenuwun iku mau sabanjure sinebut mantra pengasihan.

4. Panguwasan kang Tetandingan ing Wacana Sosial Mantrani Pengasihan

Mantrani pengasihan wis dadi budayane warga Ilmu Sejati ing Ponorogo sesandhingan klawan budaya-budaya kang liyane. Budaya kasebut yaiku sipat-sipat kang ala kayata drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang wong liya.

Kahanan kang kaya mangkono iku ndadekake budaya mantrani pengasihan bisa tetandhingan klawan budaya-budaya liyane. Mantrani pengasihan tetandhingan klawan sipat-sipat kang ala kayata drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang wong liya. Kahanan kang kaya mangkono iku bisa diwastani tetandhingan amarga wong kang mantrani pengasihan nduweni dhasar pamikiran lan tujuwan urip kang beda klawan wong kang nduweni sipat-sipat drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, nganiaya, lan pitenah marang wong liya.

Mantani pengasihan kang digunakake para warga Ilmu Sejati iki sejatine kango nandhingi anane tumindak ala kaya ana ing satengahing masyarakat. Pawongan kang nduweni tumindak kaya mangke iki mesthine bakal gampang nesu menawa ana pawongan kang ngelingake marang tumindake kang ora bener iku. Sabanjure yen kaya mangkene dijarake bisa gawe congkrah antarane siji lan sijine. Mula saka iku mantra pengasihan kapilih minangka sawijining sarana kango nandhingi sipat-sipat kayata drengki, srei, iren, meren, kumingsun, jail, lan nganiaya.

Mula saka kedadeyan kang wis diandharake mau bisa didudut kahanan kang kaya mangkene iku kang jalanan saka anane piwulang utawa kaweruh dening guru utawa sawijining pawongan kang dadi dhasar uripe manungsa. Guru utawa pawongan kang weneh piwulang utawa kaweruh nduweni kekuwasan tumrap tumindake sawijining manungsa. Saengga saka piwulangan kang diwenehake dening guru mau bisa njalari tuwuhe rasa welas asih ing atine manungsa.

5. Ideologi kang Dirembakakake ing Wacana Sosial Mantrani Pengasihan

Ideologi minangka babagan kang ora mawujud nanging bisa dirasakake kanthi nyawang saka sakehing tumindak kang dilakoni. Ideologi bisa ditemokake yen patang karakteristik liyane yaiku tumindak, konteks, historis, kekuwasan wis dijlentrehake kanthi urut lan bener.

Saka andharan lan jlentrehan patang karakteristik analisis wacana kritis kang wis ditulis sadurunge, bisa didudut yen mantrani pengasihan dening warga Ilmu Sejati nganut ideologi egaliterisme. Egaliterisme yaiku aliran filsafat kang ora mbedak-mbedakake manungsa siji lan liyane, kabeh nduweni hak lan jejibahan kang padha.

Ing kene bisa dimangerteni yen warga Ilmu Sejati mantrani pengasihan amarga warga Ilmu Sejati kepengin weneh welas lan asih marang wong liya tanpa mbedak-mbedakake sapa wonge lan kepriye sipate. Sipat welas asih kang disebarake dening warga Ilmu Sejati nduweni tujuwan supaya urip bebrayan iki tansah ayem lan tentrem lan supaya bisa memayu hayuning bawana ngudi sengseming praja.

PANUTUP

Dudutan

Mantrani pengasihan minangka budaya kang wis ana kawit jamn leluhur tumekaning saiki. Ilmu sejati ora weneh piwulang ngenani mantrani pengasihan, nanging ana saperangan wargane kang nindakake mantrani pengasihan, anggone nindakake mantrani pengasihan kanthi tujuwan kanggo nyebarek welas asih marang wong liya lan ora ana tujuwan kang ala. Mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo minangka dadi lantaran kanggo nyebarek asih mring sesama lan nandhangi sipat-sipat alane manungsa kayata drengki, srei, iren, meren, kumungsun, jail, pitenah, lan sipat-sipat ala liyane. Sabanjure warga Ilmu Sejati bisa memayu hayuning bawana ngudi sengseme praja lumantar mantrani pengasihan. Mantrani pengasihan kang ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo kasebut kaandharake lan kajlentrehaake kanthi nggunakake karakteristik Analisis Wacana Kritis.

Praktik wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening saperangan warga Ilmu Sejati ing Ponorogo minangka dadi karakteristik kang nomer siji. Mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo minangka budaya sing urip ing Ponorogo, sing diwujudake kanggo mantrani pengasihan marang bojo, mantrani pengasihan kanggo bakulan, mantrani pengasihan kanggo wong tuwa marang anak, mantrani pengasihan marang mitra kerja, lan mantrani pengasihan kanggo urip bebrayan.

Karakteristik sing nomer loro yaiku konteks wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo. Pawongan kang nindakake mantrani pengasihan prnyata dianggep minangka pawongan kang nyelenthong saka anger-anger agama.

Karakteristik sing nomer telu yaiku historis wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo minangka wujud kanggo nyebarek welas asih marang pawongan sapa wae. Welas asih marang pawongan sapa wae minangka piwulang saka guru Ilmu Sejati kang diwejangake marang para murid awit biyen tumekaning saiki.

Karakteristik sing nomer papat yaiku panguwasan kang tetandhingan ing wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo. Mantrani pengasihan ing Ponorogo tetandhingan klawan sipat drengki, srei, iren, meren, kumungsun, jail, pitenah, lan sipat-sipat ala liyane.

Karakteristik kang pungkasan yaiku ideologi kang dirembakakake sajroning wacana sosial mantrani pengasihan kang ditindakake dening warga Ilmu Sejati ing Ponorogo yaiku egaliterisme. Egaliterisme yaiku aliran filsafat kang ora mbedak-mbedakake manungsa siji lan liyane, kabeh nduweni hak lan jejibahan kang padha.

Tanpa nduweni maksud apa-apa kejaba njaga welas asih ing Ponorogo. Saperangan warga Ilmu ing Ponorogo nindakake mantrani pengasihan masiya dheweke dianggep manungsa kang nyelenthong lan nyalahi anger-anger agama,masiya anan panduga kang kaya mangkono iku warga Ilmu Sejati tansah ngupayakake welas asih ing Ponorogo.

Pamrayoga

Saka panliten dikarepake pawongan sing maca panliten iki bisa mangerteni maksud lan tujuwan warga Ilmu Sejati mantrani pengasihan. Sabanjure yen wis mangerteni ngenani maksu lan tujuwan mantrani pengasihan, mulaa bisa akeh pambiji kang bener marang warga Ilmu Sejati kang nindakake mantrani pengasihan supaya rasa welas asih ora ilang saka Ponorogo lan urip bebrayan masyarakat bisa ayem tentrem.

Pungkasane, panliti nyadharu yen panliten iki adoh saka sampurna. Mula tumrap sakabehing pawongan, pititur, kritik, saran lan sapinunggale kanggo luwih apike panliten iki bakal tansah ditunggu dening panliti supaya bisa dadi sawijine koreksi tumrap panliten-panliten sabanjure.

Kapustakan

- Basrowi dan Suwandi. 2008. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Rineka Cipta
- Denzin, Norman K, Lincoln, Yvonna S. 2011. *Hand Book of Qualitative Research*. Sage:Thousand Oaks
- Dharma, Yoce Aliah. 2009. *Analisis Wacana Kritis*. Bandung: Yrama Widya
- Dirjen Nilai Budaya Seni dan Film. 2006. *Ensiklopedi Kepercayaan Terhadap Yang Maha Esa*. Jakarta
- Djajasudarma, T. Fatimah. 1993. *Metode Linguistik, Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung:Eresco
- Eriyanto. 2006. *Analisis Wacana*. Yogyakarta: LkiS
- Eriyanto. 2009. *Analisis Wacana*. Yogyakarta: LkiS
- Hartarta, Arif. 2010. *Mantra Pengasihan*. Bantul. Kreasi Wacana
- Ibrahim, Abdul Syukur. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Koentjaraningrat. 1979. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan, Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Rajawali Grafindo
- Maksum, Ali. 2011. *Pengantar Filsafat*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Surakarta.
- Purwadi.2004. *Dukun Jawa*. Yogyakarta: Media Aabadi

Rahyono, F. X. 2009. *Kearifan Budaya Dalam Kata*.
Jakarta: Wedatama Widya Sastra

Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Metode Penelitian Kajian budaya dan Ilmu Sosial Humaniora Pada Umumnya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Santoso, Anang. 2006. *Bahasa, Masyarakat, dan Kuasa*.
Malang: Lembaga Pengembangan Pendidikan
dan Pembelajaran

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Pers

Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfa Beta

Wijana Dewa Putu & Rohmadi, Muhammad. 2011.
Analisis Wacana Pragmatik. Surakarta: Yumi
Pustaka

Woeryan, Siti.1990. *Lukmanakim Adammakna*.
Yogyakarta: Buana raya

